



LALWA
**MARIA
DAPENHA**

LAVIW KÒMANSE SÈLMAN LÈ VYOLANS LAN FINI



Fèy teknik

Tèks: Nwayo espesyalize nan zafè pwomosyon ak defans tout dwa medam yo

Layout: EDEPE: Lekòl defansè piblik nan leta

Paj kouvèti: Talita Vieira de Sousa

Ilustrasyon entèn yo: Gabriela Santos Franco

Nouvo layout: Antonio Carlos “KK” dos Santos Filho

Tradiksyon: Jean Major

Desin as yo ki montre sa té fèt pa elèv lise e té chwazi atrave yon konkou, ki te òganize pa EDEPE, NUDEM, NEIJ ak Sekretè Eta Edikasyon an, ki t’ap chèche ankouraje dyalòg sou konba vyolans kont fanm, tifi ak adolesan nan klas la.

Talita Vieira de Sousa

Profa Helena Cury de Tacca State School – in the city of Franca, State of São Paulo

Gabriela Santos Franco

João Brásio State School - in the town of Adamantina, State of São Paulo.



APOIO



Reino dos Países Baixos

Prezantasyon

Defans piblik nan Eta São Paulo resevwa chak jou plizyè fanm ki ap chèche reklame dwa yo pou gen yon vi ki diy epi san soufri vyolans. Malgre majorite nan popilasyon an deja konn tandè pale sou lwa 11.340/2006, lwa Maria da Penha, anpil moun kontinye pa konnen kisa yo dwe fè si yo ta rive nan sitiyasyon sa ou byen si yo ta wè yon moun ki ap soufri jan vyolans as yo. Se nan tandans pou rive enfòm moun ki gen bezwen oryantasyon nan ka sa, ke nwayo espesyal nan fè pwomosyon ak defans dwa fanm yo (NUDEM) te deside redije dokiman sa.

Nan tèks sa ou va gen posibilite jwenn enfòmasyon sou dwa dwaw yo ak konnen kèk mwayen nesesè pou evite oubyen mete fren ak vyolans ke ou kapab ap soufri. Nou vle pou ou konsyan ke malerezman vyolans kont fanm yo kontinye se yon bagay reyèl nan sosyete nou an, men se pa ou ki koupab la, e bagay sa kapab akaba.

KISA NUDEM LAN YE MENM?


NUDEM lan se yon Nwayo ki espesyalizel nan fè pwomosyon ak defans tout dwa fanm yo, epi li gen kòm prensipal responsabilite fè aksyon pou rann reyèl kesyon egalite ant fanm ak gason epi pote sipò pou defansè ak defansèz piblik yo nan travay yo pou aji nan defans dwa medam yo. NUDEM lan ap travay tou pou garanti ke lalwa Maria da Penha ekzekite, lalwa ki prevwa mwayen de pwoteksyon epi pou pini tout zak malonèt kont fanm nan fwaye ak fanmi yo epi ki defini pozisyon politik piblik pou garanti egalite ant tout sèks yo.

ENTWODIKSYON

Vyolans domestik oubyen familyal plis prezan nan sosyetea ke ou taka imajine

Daprè Oganizasyon mondyal la sante, peyi Brezil se senkyèm peyi kote yo touye plis fanm nan mond lan. Se poutèt sa jounen jodia li se yon ijans pou enstans konsène yo mete kanpe yon lwa espesyal pou pwoteje fanm yo. Depi nan lane 2006, fanm yo nan peyi Brezil gen dwa ki pwoteje yo kont vyolans domestik, tout sa gras ak lalwa sa 11.340 nan ki fèt nan dat dawout 2006, ki rele lalwa Maria da Penha. Lalwa saa se rezilta anpil konba istorik mouvman fanm yo nan Brezil. Men finalman, kijan lalwa sa kapab ede ou emnm menm? Se sa ou pral aprann avèk nou kounyea.

Èske ou te konnen ke lalwa **Maria da Penha** te konsidere kòm yonn nan 3 lejislasyon ki pi avanse nan mond lan pou fè fas kare kont vyolans ki ap fèt kont fanm yo? Konsirasyon se paske non sèlman li pote vini tout yon seri de mwayen pou pwotejchak fanm separeman ki ka ap souffri vyolans, men tou li prevwa aksyon ke enstitisyon konène yo dwe pran pou fè prevansyon kont zak malonèt saa, epi ogmante pwoteksyon pou medam yo. Nan reyalikte, se dwa tout fanm san distenksyon pou mennen yon vi san vyolans.



KONNEN TOUT DWA OU YO

Lalwa Maria da Penha gen kòm objektif pou fè prevansyon oubyen pou rive mete fen ak tout zak vyolans ki ap pratike nan fwaye yo ak nan mitan fanmi yo kont medam yo, kèlke swa klas sosyal moun lan, ras li, gwoup sosyal li, oryantasyon seksyèl li, mwayen li, kilti li, nivo edikasyonl, laj li oubyen relijyon li. Pwoteksyon as tou li an favè tout fanm ki idantifye yo kòm sèks feminen, egalman medam transseksyèl yo ak transjanr yo.

Anpil moun gen dwa pa konnen, men se pa sèlman mari yo ou konpay gason yo oubyen mennaj gason yo ki kapab responsab si li ta aji avèk vyolans kont madanm li, konpay feminen li oubyen ti mennaj fanm li.

An reyalyte nenpòt moun ki ap viv ak yon fi oubyen kite viv nan menm kay ak li (gason oubyen fanm), ke se fanmi (lyen natirèl oubyen relasyon entim) oubyen nenpòt moun ki genyen oubyen ki te genyen yon relasyon amourez ak yon fanm, kapab responsab pou vyolans kont fanm.

Lalwa Maria da Penha konsidere ke vyolans domestik oubyen familyal egziste tou nan relasyon ant yon fanm ak yon lòt fanm, sitou lalwa ap egzekite san konsidere oryantasyon seksyèl moun lan. Konsa menm yon fanm kapab jwenn kondanasyon si li vyolante yon lòt fanm. Genyen plizyè ka kote lalwa saa kapab aplike tankou nan ka yon èks mennaj kita kòmanse pèsekite ansyen mennaj li an paske li pa dakò ak fen relasyon an; tankou nan egzanp yon mari ki ta ap imilye madanm li epi ap fòsel al nan relasyon seksyèl avèk li; oubyen tankou nan ka yon pitit fi ki ap plede ap atake pwòp manman li, oubyen nan ka yon papa kita ap fè chantaj oubyen presyon epsikolojik sou pitit fi li.

Lalwa Maria da Penha li egalman ap chache egalman mete fen kont tout agresyon epsikolojik, moral ak pwopriyete. Epi seksyèl. Nenpòt moun ki ap pratike zak vyolans sa yo yo komèt vyolasyon kont dwa moun.

Pouw konnen si ou viktim de vyolans epsikolojik, swiv pou ou wè si patèw la oubyen moun nan fanmiw lan ap aji nan yon fason kap toumantew nan emosyonw, nan sans li ap eseye kontwole aksyonw yo, konpòtmanw, kwayans ou ak desizyonw. Pi souvan jan de bagay konsa rive sou fòm menas, imilyasyon, siveyans, pèsekisyon, mo sal, chantaj oubyen limite dwaw pou soti ak rantre.

Vyolasyon entimite fanm lan se egalman yon vyolans epsikolojik, tankou fè foto oubyen fè videyo yon fanm san otorizasyon moman moun lan toutouni oubyen konpòtman seksyèl, oubyen sanswèl ki gen karaktè entim ak patikilye oubyen, menm lèl ta otorize, pou li ta rive pataje ak lòt moun ki pa ta gen anyen ak wè nan sa. Vyolans epsikolojik la se yon bagay ki grav anpil, anplis de sa li se vyolans ki plis parèt nan relasyon domestik ak nan fanmi

Se trè souvan ke vyolans epsikolojik la se komanman de tout yon seri de lòt agresyon ki kapab vin debouche sou asasina yon fanm, e egzateman poutèt sa, li nesesè pou frennenl depi nan kòmansmanl. otè jan de vyolans sa yo kont fanm kapab se yon moun ki ap komèt yon banm aksyon kriminel-tankou twouble trankilite, anbarase moun, kidnape moun, vwa de fèt, anrejistremant entimite seksyèl san otorizasyon, e anpil lòt bagay ankò. Nan ka sa yo, lajistis pap bezwen konsidere volonte viktim lan pou akize koupab la. Pou krim menos la li nesesè pou viktim prezantel (nan komisarya polis la pou li enfòmè volonte pou li pouswiv akizea nan lajistis) nan yon entèval 6 mwa kòmanse nan dat aksyon an te rivea. Nan ka vyolans moral, se fanm ki viktim lan ki deside sil lap akize koupab la ou pa. Kòm egzamp, lè yon èks ki tá rive ofanse ansyen konpay li sou rezo sosyal yo ou nan mitan moun. Se pa etonan wè ke vyolans domestik la ki fizik oubyen epsikolojik la toujou mache ansanm ak vyolans nan pwopriyete. Chèche konnen kòmman idantifye ka sa yo.

Vyolans nan pwopriyetea rive lè konpay oua oubyen ansyen konpay oua tá rive pran oubyen detwi, oubyen kache byen ou dokiman oubyen materyèl travay, oubyen li tá anpèchew gen aksè ak resous ekonomik pou li koz ou pa kapab mennen yon vi jan ou tá vle. Genyen okazyon kote yon ansyen konpay rive ap fòse yon kontwèl total sou lajan fanm lan. Ka sa yo kapab konstitye kòm vòl, ekstòsyon, fwod, travay esklav e plis ankò. Sa va pi grav ankò si nan ka sa yo tá genyen agresyon oubyen menas lanmò. Okenn fanm pa dwe fòse al nan relasyon seksyèl si li pa dakò. Vyolans seksyèl la rive rive lè yap fòse fanm lan pou li patisipe nan kèlkeswa relasyon seksyèl san li pa tá dakò. Sa kapab rive sou fòm entimidasyon, nan fè izaj lafòs ou menos, bagay ki konfigirel kòm vyòl menm lèl tá rive ak pwòp konpay oubyen mari fanm lan oubyen mennaj li. Li enpòtan pou nou raple ke se dwa tout fanm genyen pou li deside mete fen oubyen opozel ak yon relasyon seksyèl a nenpòt moman, menm lè nan kòmansman li te dakòl. Si yon moun tá fòse yon fanm fè pwostitisyon, sa tou se yon krim ki trè grav anpil. Pyès moun pa genyen dwa pou fòse yon fanm marye, pou fòse l jete yon pitit, ni pou tá anpèchel itilize metòd kontraseptif (tankou kapòt ak konprime).

Si ou tá rive viktim de vyolans fizik ou seksyèl (tankou tap, kout pwèn, chout oubyen vyòl), kouri touswit aprè ale nan yon sant sante ki pi prè kay ouepi mande yo pou anrejistre enfòmasyon sa yo nan dosye medikal oua. E si li tá posib fè foto mak vyolans lan nan kòw epi konsèvel pou sèviw kòm prèv.

Ale nan yon sant sante ki pi prèa epi fè anrejistre agresyon an nan dosye medikal ou. Siw tá deside pou swiv koupab la nan lajistis pou krim, li tap pi bon pou tá ale nan komisarya pou fanm.

Nan komisarya saa ou va rakonte ak komisèa saa ki rivea, epi anrejistre zak vyolans lan. Rakonte tout zak ou soufria, epi pa bliye enfòmè non tout moun ki se temwen e ki konnen sitiyaasyon an oubyen kite prezan lè zak malonèt sa yo tap komèt.

Aprè ou va jije si li nesesè pou aplike an favèw kèk mwayen pou pwotejèw (tankou anpèche konpay oua apwochel bò kay ou, anpèche apwoche prè ou, oubyen ekzije li pase nwit nan yonabri), si ou tá jije li nesesè pou antame yon pwosè kont li pou krim-aksyon konsa rele reprezantasyon nan lajistis- e ki nesesè pou kèk zak kriminel tankou kòm egzàn, krim menas.

Aprè as, si zak kriminel la tá kite tras nan kòw, yo va mandew pou ou reyalize yon egzamen legal. Si ou tá genyen a dispozisyonw kèk videyo, oubyen kèk anrejistremàn vokal, ou menm kèk foto ki kapab pwouve zak vyolans lan, pote yo ale nan komisaryaa avèk ou.

Nan pi fò ka kote ki gen vyolans kont fanm ka lalwa Maria da Penha prevwa, akizasyon an ap kontinye kèlkeswa volonte fanm ki viktim lan. Men nan ka menos oubyen vyolans moral, se fanm viktim lan ki ap deside si lap akize koupab ou non. Men dè ke aksyon an rive anrejistre nan komisaryaa, komisèa ap deja mete sou pye yon ankèt epi li va voye bay komisè gouvènman (ministè piblik) rezilta. Se komisè gouvènman ki va mete an akizasyon akizea devan lajistis. Fanm viktim lan kapab retire plent lan sèlman anvan lajistis tá rive konstate endis kriminel, paske depi pwosè kriminel la kòmanse, prevni an vini yon akize fanm lan pap kapab retire plent lan ankò.

Vyolans kont fanm pa gen fwontyè, li pa gen limit laj, oubyen ras, oubyen etni, oubyen klas sosyal, ak relijyon. Pa janm bliye as: ou pa sèl fanm ki ap pase jan de siyasyon konsa, e se pa ou menmki koupab.

Lè nan vil wap viv la genyen yon fowòm, komisarya menm kapab deside sou posibilite pou anpèche otè zak vyolans pwoche bò kay ou si sa tá yon ijans ki nesesè. E si nan vil wap viv la pa gen ni fowòm ni komisarya, polisyea li menm kapab deside egzije ke otè zak la elwyayel de ou.

Fanm yo ki ap viv nan sitiyaasyon kote yap viktim de vyolans domestik ak famiyal yo menm tou yo kapab ale nan jwenn defansè piblik la pou mande mwayen pwoteksyon dijans.

Defansè piblik nan leta Sao Paulo se yon enstitisyon pèmanan ki gen kòm responsabilite, kòm kspresyon ak enstriman tout rejim demokratik, ofri oryantasyon jiridik total epi gratis ak moun ki nan sitiyaasyon vilnerab, pou fè pwomosyon dwa moun e pou defan nan tout nivo jidisyè ou ekstra jidisyè, dwa chak endividi separeman oubyen kolektif.

Nan defans piblik la ou kapab pale ak defansè ou defansèz yo pou resevwa asistans jiridik, pou jwenn ransèyman sou dwaw yo epi tou pou oryantew nan direksyon tout lòt sèvis ki fè pati de rezo pou fè faz kare ak vyolans, an plis pou jwenn resepsyon ak asistans sosyal ak epsikolojik .

Tout as ou va rakonte sou sitiyaasyonw va rete sekre epi defans piblik la va baw tout sòt oryantasyon ki nesesè.

K&R

Kèk Kesyon ak Repons



Mezi yo ki kapab aplike kont tout agresè ou agresèz:

- Elwayman de kote viktim lan ap viv;
- Entèdiksyon pou apwoche ou pou kontakte viktim lan avèk kèlkeswa mwayen de kominikasyon, ni fanmi li ak tout temwen yo;
- Entèdiksyon pou frekante kèk zòn byen detèmine;
- Restriksyon ak sispansyon de tout vizit a timoun an bazaj;
- Peyman pansyon alimantè pwovizwa;
- Rediksyon oubyen sispansyon otorizasyon pou posede ak pran la ri ak zam a fe.

Kèk Lòt Mezi Ki Kapab Aplike

- Voye moun nan pwogram pwoteksyon ak sèvis (tankou Asistans Sosyal oswa Sante, pa egzanp);
- Detèminasyon separasyon kò oswa depa kay la, epi asire dwa potansyèl ki gen rapò ak gad pitit, alimantasyon (pansyon) ak pataj byen yo;
- Mezi pwoteksyon patrimwan, tankou: retou byen yo agresè a te pran;
- Entèdiksyon pou siyen kontra ki gen rapò ak byen maryaj la, sispansyon manda ki te siyen pa madanm lan, pami anpil lòt bagay;
- Detèminasyon pou kenbe lyen travay la pou jiska 6 mwa, si li nesesè pou fanm lan kite kote travay la akòz vyolans li te sibi.
- Priyorite pou enskripsyon pitit fi/fis fanm ki nan sitiyasyon vyolans domestik ak fanmi nan enstitisyon edikasyon debaz ki pi pre kay yo, oswa transfè nan enstitisyon sa a, kèlkeswa si gen plas oswa non, kenbe done enskripsyon an sekre.

ki kote mwen ka mande èd si mwen ap viktim vyolans domesti ?

Ou ka mande èd anpil kote diferan:

- Tribunal pou vyolans domestik e familial pou fanm (JVD);
- Biwo pou defans piblik;
- Ministè Piblik;
- Comisarya Polis, an patikilye sa ki espesyalise nan de fans pou fanm (DDM);
- Sant epi kayabri.

Genyen tou nimewo telefòn : 180 - Sant Apèl pou Fanm yo. Se yon sèvis gouvènman an ki ede ak gide fanm ki viktim vyolans. Apèl yo ka fèt gratis nan nenpòt ki kote nan peyi a, 24 è sou 24, menm jou fèt ak fen semèn. Ou ka rele gendarmri a nan 190 si w an danje. Si ou konnen yon fanm nan sitiyasyon sa a, ou ka fè yon bagay pou ede l. Ou ka denonse lè w rele 180. Ou ka ede yon moun ki nan sitiyasyon vyolans ki pè depoze plent paske li pè pou yo pa atake l ankò.

Sam ap di nan komisarya ak nan Biwo Defans Piblik la ap rete sekrè ?

Ka vyolans domestik yo se pwosè ki fèt an prive. Sa vle di ke kontni ka a, ki gen ladan temwayaj yo, pa ka divilge. Biwo Defans Piblik la garanti tou konfidansyalite. Lè ou ale nan youn nan inite nou yo, ou ka mande pou yo resevwa ou nan yon sal prive pou moun ki prezan yo pa tande ou. Ou ka mande tou pou adrès ou pa parèt nan dosye a si w ap rete nan yon kote konfidansyèl.

Kisa mezi pwoteksyon yon jij ka pran ?

Jij la ka detèmine diferan tip mezi pwoteksyon ijans an favè fanm ki nan sitiyaasyon vyolans domestik, ak bi pou anpeche ak sispann nenpòt fòm vyolans. Mezi sa yo prezante la a.

Ki jan pou w mande yon jij pou bay yon òdonans pwoteksyon ?

Òdonans pwoteksyon an ka fèt atravè komisarya lapolis, Biwo Defans Piblik oswa minisipalite a epi y ap transmèt li bay jij la. Li enpòtan pou w konnen ke mezi sa yo ka mande endepandaman, sa vle di san yo pa oblije gen ekzistans rapò polis la. Jij la dwe deside nan 48 èdtan aplikasyon youn oswa plizyè nan mezi sa yo, epi fòse agresè a konfòme li avèk yo, menm avèk èd polis la si sa nesesè. Jij la ka aplike nenpòt mezi ki apwopriye.

Eske ou bezwen prezante prèv pou mande mezi pwoteksyon ?

Si sa posib, paske vyolans sa a souvan difisil pou pwouve paske li fèt lakay oswa ant manm fanmi yo, pran foto blesi yo oswa objè ki kase apre vyolans lan, kopi mesaj SMS ak sou rezo sosyal yo ak deklarasyon temwen ki okouran oswa ki te prezan nan moman zak vyolans yo

Kisa k ap pase si agresè a pa respekte mezi pwoteksyon yo



Depi 4 avril 2018, dezobeyisans mezi pwoteksyon dijans yo konsidere kòm yon krim dapre lalwa n° 13641/2018. Nouvo regleman sa a te enkòpore atik 24-A nan lwa Maria da Penha, ki prevwa yon santans prizon pou twa mwa jiska de zan, san eskli aplikasyon lòt sanksyon, pou nenpòt moun ki pa respekte yon desizyon jij la ki enpoze mezi pwoteksyon. Li enpòtan pou w konnen ke krim sa a sèlman ka komèt si moun nan pa respekte mezi pwoteksyon apre l te resevwa yon konvokasyon nan men ofisye jistis la. Se sèl jij la ki ka akòde libète sou kosyon an ka yon arestasyon an flagran deli.

Kisa yon rapò polis ye



Rapò polis la se dokiman lapolis itilize pou konstate yon krim. Li gen tout enfòmasyon ki te fèt anvan krim nan ak yon rakonte detaye sou sa ki te pase, pou mezi lapolis ak lajistis ka pran.

Kisa yon egzamen mediko- legal ye



Se egzamen ki fèt sou viktim nan pou detekte tras vyolans fizik, seksyèl oswa sikolojik ki kite sou li, pou jwenn prèv krim nan. Prèv sa yo ap enkli nan dosye a epi y ap ede pwouve egzistans krim nan

Kisa yon reprezantasyon ye ?

Reprezante vle di vle kriminèl la fè fas ak lajistis. Sa ka fèt nan komisarya a, menm jou a yo anrejistre rapò a, oswa pita, nan retounen nan komisarya a nan sis mwa apre zak la. Pou kèk krim, tankou menas oswa deli sikolojik oswa moral, pa pral gen pouwit penal ak sanksyon posib sèlman si viktim nan deklare nan komisarya a ke li vle yon reprezantasyon. Nan ka agression fizik ak seksyèl, reprezantasyon pa nesèsè ankò, men sèlman anrejistremman krim nan ak yon rapò polis paske pwosedi penal la ap fèt endepandaman de demann viktim nan pita, epi pwokirè a ap pran an chaj dosye a apre komisè lapolis la fin kominike li. Li komen pou fanm depoze yon rapò polis men yo abandone plent lan. Sa rive pou plizyè rezon, tankou: fanm nan retounen viv ak konpayon/konpayonn li epi li panse ke agresyon an pap fèt ankò; li pa gen mwayen pou peye depans lakay si agresè a mete deyò; oswa li pa vle ke agresè a - ak ki li gen yon lyen afektif - sibi penalite.

Malerezman, li tou komen pou agresè a tounen vyolan ankò, menm apre yon peryòd kote konpòtman li te chanje. Pou rezon sa a, aksyon ki pi rekòmande anjeneral se pou l mete l deyò nan kay la ak/oswa mande yon reprezantasyon. Si ou poko pare oswa an sekirite pou fè sa, mande èd nan yon sant asistans.

E si m regrèt reprizantasyon an



Ou ka sèlman renonse ak reprizantasyon devan jij la nan kòmansman pwosedi a kote li nesesè (nan ka vyolans fizik ak seksyèl, li pa posib pou w retire nan pwosedi a). Pou fè sa, ou bezwen yon avoka oswa yon espesyalis nan defans piblik la. Yo pral fè lyen an ak jij la pou ou ka tande pandan yon odisyon epi eksprime demann ou pou retire.

Si m pa renonse, agresè a ap ale nan prizon



Anjeneral, ka ki mennen nan santans prizon se ka grav, tankou feminisid ak tantativ feminisid, lè agresè a gen lòt dosye kriminel oswa te kondane pou plizyè krim. Li ka kondane a santans ki, si yo pa mennen nan prizon, yo pral anrejistre epi yo dwe respekte estrikteman

Agresè a ka arete anvan pwosè a si mezi pwoteksyon yo pa respekte oswa si li mete lavi fanm nan an danje



Agresè a ka arete si vyolans lan konsidere kòm grav, si libète li mete lavi fanm nan an danje oswa si li pa respekte mezi pwoteksyon yo.

Si mwen bezwen kite kay mwen, ki dokiman mwen dwe prezante pou mande mezi pwoteksyon



- Pati idantite;
- CPF (nimewo idantifikasyon fiskal nan Brezil);
- Lwa maryaj;
- Aksyon nesans timoun yo;
- Jistis domisil;
- Dokiman ki gen rapò ak byen mobil ak byen imobilye koup la (machin, kay, apatman, tè);
- Rapò polis;
- Adrès pwofesyonèl agresè a.

Li rekòmande tou, nan mezi posib, pou pote prèv: foto agresyon yo, kopi konvèsasyon menasan sou telefòn, anrejistreman odyo, temwayaj ak tout sa ki ka ede pwouve vyolans yo.

Anplis de sa, anpil moun panse ke kite kay la ka konsidere kòm yon abandon, sa ki pa vre. Ou pap pèdi okenn dwa lè w kite kay ou pou pwoteje lavi ou. Si sa nesesè, ak si ou vle, yo ka voye ou nan yon santabri konfidansyèl, kote pwofesyonèl kalifye ap swiv ou jiskaske ou pare pou reprann kontwòl lavi ou. Ou ka tou chwazi al nan yon santabri tanporè oswa yon kay pasaj si w panse ke ou bezwen pase lannwit lwen kay ou. Ou pral resevwa sipò ak konsèy sou fason pou kontinye pwosesis pwoteksyon an ak/oswa fè fas ak sitiyasyon vyolans lan.

Ki jan yon sant abri fonksyone? Èske m ka pran pitit mwen yo



Sant abri yo se kote ki an sekirite ak konfidansyèl ki fèt pou pwoteje fanm ki nan sitiyaasyon vyolans domestik ak fanmi. Fanm ka pote pitit yo ak yo, e yo abite nan pi gwo sekre. Plas kote a pa janm fè piblik. Lè yo rive, fanm yo pral fè yon entèvyou epi yo pral enfòmè sou kijan lokal yo fonksyone. Pitit ou yo gen dwa pou kontinye edikasyon yo pandan leta ap fè transfè yo nan yon lòt lekòl.

Èske agresè a ka vizite pitit li yo



Desizyon sou gadyen ak dwa vizit se pou jij la. Sepandan, si gen epizòd vyolans ant papa a ak manman an, li ka danjere pou koup la gen kontak pandan dwa vizit yo. Ou ka mande pou yo fèt nan fason ki pi an sekirite pou ou ak pitit ou yo, avèk èd lòt moun ou konnen oswa nan yon kote ki sipèvize pa pwofesyonèl tribinal la. Menm jan an, si w sispèk patnè ou fè mal pitit ou a, konsidere mande vizit siveye oswa sispann yo. Toujou mande sipò yon avoka oswa Biwo Defans Piblik pou kòmanse ak swiv pwosedi jidisyè ou a.

E si mwen bezwen tou fè yon demann divòs, gadyen ak pansyon alimantè?



Pou prezante demann sa yo, ale nan Biwo Defans Piblik la.

Kontak Itil

1. Defansè Piblik Eta São Paulo

- Sèvis ka endividyèl yo (mezi pwoteksyon, divòs, gad, alimantasyon, ect...) yo jwenn atravè fòmilè ki disponib sou sit la <https://www.defensoria.sp.def.br/dpesp/>
- oswa pa telefòn 0800-7734340 (ant 7h ak 19h, lendi jiska vandredi).
- Pou kontakte Noyau pou Pwomosyon ak Defans Dwa Fanm yo (NUDEM) nan ka dout ak oryantasyon, voye imèl bay nucleo.mulherer@defensoria.sp.def.br oswa kontakte (11) 94221-0280.

2. Delegasi espesyalize nan defans fanm yo (DDM) oswa delegasi polis komen

a. Sèvis an pèsòn



- Rapò ensidan ak demann pou mezi pwoteksyon ka fèt nan tou de delegasi defans fanm (DDM) ak nan delegasi polis komen .
- Genyen DDM ki louvri 24 èdtan, vizite sit sa a pou plis enfòmasyon:
- <https://www.defensoria.sp.def.br/dpesp/Default.aspx?idPagina=3454>
- Sèvis nan delegasi komen: soti lendi rive vandredi, soti 9 èdtan nan maten jiska 6 è nan aswè.

b. Sèvis sou entènèt



- Li posib tou pou jwenn aksè nan delegasi elektwonik la epi anrejistre rapò ensidan an atravè sit entènèt polis sivil la: <https://www.delegaciaeletronica.policiacivil.sp.gov.br/ssp-de-cidadao/home>.
- Pou rapòte yon ensidan vyolans domestik, chwazi “Vyolans Domestik kont fanm.
- Menm jan ak sèvis an pèsòn, ou ka mande mezi pwoteksyon dijans yo tou atravè delegasi elektwonik la nan moman ou anrejistre rapò ensidan an.

3. GEVID - Gwoup de Aksyon Espesyal pou Enfòmasyon kont Vyolans Domestik Ministere Piblik la

Pou plis enfòmasyon sou kontak Ministere Piblik la, vizite: www.mpsp.mp.br/portal/page/portal/GEVID oswa rele (11) 3429-6474/6475.

4. Tribinal pou Vyolans Domestik ak Fanmi

vizite: <https://www.tjsp.jus.br/Comesp> oswa rele (11) 2171-4807 ak (11) 3104-5521.

5. Sèvis ijan-190

se nimewo telefòn lapolis militè ki dwe rele nan ka ijans oswa sekou rapid.

6. Sant sèvis pou fanm-180


Sèvis ki louvri 24 èdtan epi ki bay sipò, konsèy, ak referans pou sèvis nan rezo sèvis nan tout peyi a.

7. Aplikasyon SOS Fanm:

Aplikasyon an pèmèt fanm ki gen mezi pwoteksyon ki te bay pa jistis rele sèvis 190 an ka risk epi li genyen tou enfòmasyon sou sijè a.

Pou plis enfòmasyon vizite: <https://www.sosmulher.sp.gov.br/>





8. Sant referans pou sèvis fanm yo

Anplis de òganizasyon sa yo, li enpòtan pou toujou chèche, chak fwa posib, yon sant referans pou sèvis fanm yo, kote yo bay resepsyon ak sipò pou fanm ki nan sitiyasyon vyolans domestik ak fanmi, ki genyen pwofesyonèl espesyalize, tankou sikològ ak asistan sosyal, ki pral koute fanm yo, eseye sipòte yo nan desizyon yo, dapre sa yo konprann ki pi bon nan moman sa a pou simonte sitiyasyon vyolans lan, kontribye nan ranfòsman yo.

Nan espas sa yo ki rezève pou fanm, yo pral kapab pale epi resevwa oryantasyon ak referans espesifik, dapre sitiyasyon yo ap viv (pa nesesèman rapòte epi garanti konfidansyalite). Kèk sèvis bay tou konsèy legal.

Lokal sa yo kapab fè referans ak fanm ki nan sitiyasyon vyolans pouabri kache ak kay tranzisyon. Nan kapital la genyen tou sant defans ak koabitasyon pou fanm ki fè sèvis sa a.

Pou konnen ki kote sèvis pwoteksyon ak sipò pou fanm ki nan sitiyasyon vyolans domestik ak familyal nan Eta São Paulo yo ye, vizite: <https://www.defensoria.sp.def.br/dpesp/default.aspx?idPagina=3454>.

Sèvis yo mete aksan sou enpòtans pou fè kontak telefòn, chak fwa sa posib, anvan ale (oswa anvan refere yon fanm), pou yo ka resevwa konsèy konplèmantè, mete ajou, ak espesifik pou chak kote.

Si komin ou an pa nan lis sa a, chèche sant referans espesyalize nan asistans sosyal (CREAS) oswa sant referans asistans sosyal (CRAS) ki pi pre ou.

9. Kay Fanm Brezilyen (CMB)

Espas referans eta/nasyonal ki entegre swen pou fanm nan sitiyaasyon vyolans ki reyini diferan sèvis ak pwoteksyon (Remak: ekipman sa a pa ranplase enpòtans nan swivi espesyalize pa sèvis rejyonal yo).


Fanm ki nan sitiyaasyon vyolans ki chèche èd yo pral jwenn sèvis akèy ak ekout kalifye atravè yon ekip pluridisiplinè: komisarya defans fanm (DDM) ak aksyon prevansyon, pwoteksyon ak envestigasyon sou krim vyolans domestik; Ministè Piblik la, ki aji nan aksyon penal kont krim vyolans; Defansè Piblik, ki bay fanm konsèy sou dwa yo ak asistans jiridik; Tribinal Jistis la, responsab pou pwosesis, jijman ak ekzekisyon ka ki gen rapò ak vyolans; ak yonabri pwovizwa pou ka kote fanm yo nan menas iminan.

Adrès: rue Vieira Ravasco, 26 - Cambuci/Centro - São Paulo/SP.

Telefòn: (11) 3275-8000 (sèvis entèpret pou moun soud nan Sant Entèmedyè).

Orè dijans: 24 èdtan. Orè pou sèvis defansè piblik: 11h pou 17h.


Sitwèb: https://www.prefeitura.sp.gov.br/cidade/secretarias/direitos_humanos/mulheres/equipamentos/index.php?p=288423



10. Kayabri

Pou jwenn yonabri sekre, ou ka chèche sèvis ki pi pre ou.

- Sant Referans Fanm.
- Sant Defans ak Konvivans Fanm.
- Kay Fanm Brezilyen.
- CREAS (Sant Referans Espesyalize nan Asistans Sosyal).
- CRAS (Sant Referans Asistans Sosyal).
- Komisarya Espesyalize Fanm oswa Komisarya Polis ki pa Espesyalize.
- Defansè Piblik Eta São Paulo.



LAVIW KÒMANSE SÈLMAN LÈ VYOLANS LAN FINI

Estimile aplikasyon Lalwa No. 11.340/2006

